

Pou ane lekòl 2013 -14, Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education (NYCDOE)* tounen estriktire jan nou pran desizyon pou elèv klas 3yèm *grade* jiska 8yèm *grade* chanje klas. Chanjman sa yo ap garanti ke nòt elèv fè nan egzamen Angle ak Matematik Eta Nouyòk *New York State (NYS)* pa reprezante ankò yon premye faktè nan desizyon pou elèv chanje klas. Olye, lekòl yo baze desizyon yo sou divès evalyasyon pwogrè elèv fè tankou kanè, modèl redaksyon elèv, pwojè, evalyasyon, ak lòt devwa elèv ansanm ak egzamen Eta yo. Si pitit ou gen yon Plan Edikasyon endividyèl *Individualized Education Plan (IEP)* oswa si l se yon elèv k ap aprann lang angle *English Language Learner (ELL)*, pale avèk moun nan lekòl pitit ou a konsènan fason yo aplike pwosesis sa a.

Pwosesis ak peryòd pou chanjman klas

Me - Debi Jen :

Lekòl yo fin fè pòtfolyo pou decide si elèv ka chanje klas pou sa yo ki sanble pa pare pou pwochen klas la dapre travay yo ak evalyasyon yo pandan ane lekòl la.



Mitan Mwa Jen :

Fanmi elèv ki pa chanje klas resevwa yon lèt ki gen ladan l non lekòl pitit yo gen pou ale pandan ete, dat lekòl la ap kòmanse ak adrès lokal y ap fè lekòl la.



Mitan mwa Out :

Nan fen lekòl pandan ete, direktè pran dènye desizyon pou elèv chanje klas dapre pòtfolyo elèv ak travay yo fè pandan lekòl ete a ki pwouve yo pare pou pwochen klas la.

Dènye semenn mwa Out :

Fanmi ka mande rekonsidere desizyon yo te pran pou fimoun lan pa chanje klas lè yo soumèt yon apèl alekri ba direktè lekòl pitit yo a.



Debi Jen :

Direktè yo fè rekòmandasyon dapre kapasite nan *English Language Arts (ELA)* ak Matematik ki parèt nan pòtfolyo chak elèv.

Elèv nan 8yèm *grade* oblije pase tou chak angle, Matematik, Syans sosyal, ak Syans pou yo chanje klas.



Jiyè :

Elèv ki pa te chanje klas nan mwa Jen pral lekòl pandan ete.



Mitan mwa Out :

Fanmi elèv ki pa te pase nan mwa jen ap resevwa yon lèt final pa lapòs kote y ap di yo si yo decide pou yo chanje klas.

Debi Septanm :

Premye jou nouvo ane lekòl la



Èske lekòl pitit mwen ye a gen adrès kòrèk pou fanmiy mwen ?

Si pitit ou a pa chanje klas nan mwa jen, y ap voye ba w pa lapòs ann out yon lèt pou di desizyon final sou chanjman klas nan adrès kay ou lekòl pitit ou a gen nan dosye w. Pou fè sèten ou resevwa lèt sa a, asire w ke enfòmasyon lekòl pitit ou gen pou kontakte w ajou :

Kesyon moun poze souvan (FAQ)

Kòman lekòl yo pran desizyon pou elèv chanje klas ?

Direktè chak lekòl pran desizyon pou fè elèv chanje klas dapre plizyè fason yo evalye preparasyon elèv pou pwochen nivo klas pou angle ak Matematik.

- Tou dabò, anseyan yo revize travay elèv pandan ane lekòl la pou idantifye elèv ki ka pa pare, menm avèk sipò, pou travay *English Language Art* (ELA) ak/oswa Matematik y ap gen pou fè nan pwochen klas la. Direktè a fè elèv ki gen travay yo ki montre yo pare pou pwochen klas la chanje klas nan mwa jen.
- Apre sa, anseyan yo fin konplete pòtfolyo pou chanjman klas pou elèv ki gen travay ki endike yo pa pare pou pwochen klas, menm avèk sipò. Anseyan an korije pòtfolyo a dapre pwosedi DOE. Direktè a pran desizyon pou chanjman klas dapre rezilta pòtfolyo a.

Si yon elèv pa chanje klas dapre rezilta pòtfolyo l nan mwa jen, l ap bay li rekòmandasyon pou l ale lekòl pandan ete. Nan fen lekòl pandan ete a, lekòl la ap fè yon lòt evalyasyon travay elèv la, epi direktè a ap pran desizyon final konsènan chanjman klas.

Kouman lekòl yo detèmine ki elèv fin fè pòtfolyo pou chanjman klas ?

Lekòl yo fin konplete pòtfolyo pou chanjman klas pou elèv ki gen travay ki montre yo pa pare pou pwochen klas la. Sa ka baze sou kanè elèv, modèl redaksyon elèv la fè, pwojè, evalyasyon, devwa yo bay li fè, ak lòt travay elèv la te fè ke lekòl la chwazi. Rezilta egzamen Eta yo ka yonn nan plizyè faktè lekòl yo itilize pou detèmine ki elèv fin konplete yon pòtfolyo, men yo ka pa sèl faktè.

Lekòl yo pa fin konplete pòtfolyo elè ki endike yo pa fè ase pwogrè nan angle ak Matematik dapre travay yo pandan ane lekòl la. Direktè a fè elèv sa yo chanje klas nan mwa jen.

Kisa yon pòtfolyo pou chanjman klas ye ?

Pòtfolyo DOE pou chanjman klas gen ladan l evalyasyon ak travay klas elèv ki baze sou nòm ofisyèl aprantisaj yo. Evalyasyon nan pòtfolyo a adapte avèk Nòm ofisyèl aprantisaj *Common Core* yo epi yo baze sou kontwòl pou detèmine si elèv la pare oswa pa pare pou travay ELA ak Matematik l ap gen pou fè nan pwochen klas la.

- Gen nan pòtfolyo ELA a modèl redaksyon ak evalyasyon presi nan lekti ak konpreyasyon lekti.
- Gen nan pòtfolyo Matematik la evalyasyon endividyèl elèv la fè avèk pwofesè li ak evalyasyon Matematik elèv la fè pou kont li epitou travay elèv la fè nan salklas li pou travay esansyèl klas la.

Si yon elèv pran yon move nòt nan egzamen Eta (yo), oswa si li pa fè egzamen (yo), èske li dwe fè yon pòtfolyo konplè ?

Li pa oblije fè l. Lekòl yo ka itilize rezilta egzamen Eta yo kòm yonn nan plizyè faktè pou detèmine ki elèv konplete yon pòtfolyo nan pwomosyon l. Si travay yon elèv fè endike ke li pa pare pou travay klas ki vin apre a, menm avèk sipò, pwofesè a ap konplete yon pòtfolyo pou chanjman klas pou detèmine si elèv la fè ase pwogrè nan ELA ak Matematik.

Kouman yo itilize tan pandan lekòl ann ete ?

Lekòl pandan ete a fèt pou ofri eksperyans aprantisaj anplis ki ede elèv yo devlope ladrès ak konesans yo bezwen pou nivo klas ki vin apre a. DOE elimine egzamen li bay anjeneral nan de dènye jou lekòl pandan ete. Olyedsa, nan fen ete, lekòl yo fin fè yon lòt evalyasyon pòtfolyo elèv ansanm travay ak evalyasyon yo te gen pou fè lekòl pandan ete. Elèv dwe satisfè kritè obligatwa pou chanje klas.

Lekòl ete bay elèv yon opòtinite pou fin fè travay anplis yo ka ajoute nan pòtfolyo yo pou desizyon y ap gen pou pran nan mwa Out pou yo chanje klas. Si pitit ou a pa ka ale nan lekòl pandan ete a, ou ka toujou soumèt yon apèl alekri ba direktè lekòl la nan fen mwa out pou pi ta. Sipèntandan an revize desizyon direktè a, epi li pran yon desizyon final. Lè elèv la pa ale nan ekòl ete a, sa ap limite kapasite l pou fin konplete pòtfolyo li anvan sipèntandan an revize dosye li.

Sa mwen ka fè si mwen pa satisfè avèk dènye desizyon yo pran onivo chanjman klas pou pitit mwen an ?

Si w pa dakò ak desizyon pou chanje klas la, ou ka soumèt yon apèl alekri ba direktè lekòl pitit ou a nan fen mwa out. Sipèntandan an ap revize apèl la, k ap pran desizyon final la.

POU W JWENN PLIS ENFÒMASYON : Telefone 311 oswa al sou sit

<http://schools.nyc.gov/ParentsFamilies>